

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Arikunto (2010, kc. 150) nétélakeun yén métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Dina ngalarapkeun métodena, panalungtik kudu ngagunakeun instrumén sangkan data anu kacangking saluyu jeung tujuan panalungtikan.

Aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina milih métode panalungtikan, diantaranya: objék panalungtikan, sumber data, waktu, jeung téknik anu digunakeun pikeun ngolah data sanggeus éta data dikumpulkeun.

Dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur drama, saterusna ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun ma'na dina naskah drama karya Yus Rusyana anu judulna “Hutbah Munggaran di Pajajaran”. Jadi métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analisis anu dipaké pikeun ngolah data anu geus aya. Ratna (2012, kc. 53) nétélakeun yén métode anu ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna disusul ku cara nganalisis. Prosedur anu dilakonan tina métode déskriptif ngawengku (a) analisis, (b) interprétasi, (c) évaluasi. Sedengkeun métode anu husus dina ieu panalungtikan nya éta métode struktural-semiotik. Métode struktural digunakeun pikeun ngadéskripsikeun struktur drama anu aya dina naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran”, sedengkeun métode semiotik digunakeun pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun ma'na anu nyampak dina éta naskah.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Dina hiji panalungtikan, tangtu panalungtik kudu nataharkeun sagala nu dibutuhkeun dina prosés panalungtikan. Sangkan panalungtikan lumangsung kalayan lancar, ku kituna dina ngalakukeun hiji panalungtikan diperlukeun hiji desain. Desain panalungtikan boga tujuan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan nepi ka nyangking hiji logika, boh dina nguji hipotésa boh dina nyieun


Farhan Mustaqim, 2019

*NASKAH DRAMA HUTBAH MUNGgaran DI PAJAJARAN KARYA YUS RUSYANA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA/SMK/MA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.edu | perpustakaan.upi.edu[Type here]

kacindekam. Singgetna desain panalungtikan téh péta konsép atawa rarancang sangkan panalungtikan bisa kahontal tujuanna.

Desain panalungtikan ni dipaké dina panalungtikan naskah drama *Hutbah Munggaran di Pajajaran* karya Yus Rusyana kalayan ulikan struktural jeung sémiotik, sangkan leuwih jéntré deui, dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1  
Desain Panalungtikan

### 3.2 Sumber Data

Sumber data mangrupa subyéknana hiji panalungtikan. Ku ayana sumber data, masalah anu baris ditalungtik bisa dipikanyaho (Arikunto, 2010, kc. 172).

Anu jadi sumber dina ieu panalungtikan nya éta naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” karya Yus Rusyana a anu ditalungtik sacara struktural-semiotik sarta dijadikeun bahan pangajaran maca drama di SMA/SMK./MA.

Naskah drama *Hutbah Munggaran di Pajajaran* karya Yus Rusyana mangrupa naskah drama anu teu bisa dipikapaham dina sakali maca. Kudu dibaca sababaraha kali pikeun meunangkeun ajén-inajén anu nyampak dina naskah drama *Hutbah Munggaran di Pajajaran*.

Jumlah kaca dina ieu naskah drama nya éta 46, babak dina naskah drama aya 7 babak kalayan 28 adegan. Eusi carita dina unggal adegan ditepikeun ngaliwatan narasi jeung dialog. Jumlah narasi nu aya dina naskah drama *Hutbah Munggaran di Pajajaran* nya éta 34, sedengkeun jumlah dialogna 221. Dina ieu naskah drama katitén pangarang ngabédakeun cara nulis narasi jeung dialog.

Kaca kahiji naskah drama *Hutbah Munggaran di Pajajaran* ngawengku judul naskah, ngaran pangarang, jeung ngaran-ngaran palaku. Kaca ka-43 nya éta kaca pamungkas, nu ngawengku narasi atawa épilog pamungkas, sarta narasi dijieunna ieu karya anu dilengkepan ku ngaran pangarang.

### 3.3 Wangenan Operasional

Pikeun ngungkulan ayana salah tapsir ka anu maca, ieu di handap didadarkeun leuwih écés ngeunaan wangenan operasional anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

1. Naskah drama nya éta naskah anu eusina aya pagunamen antara tokoh anu aya dina naskah.
2. Struktural-semiotik naskah drama anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta unsur prosa, unsur drama, jeung simbol-simbol anu nyangkaruk dina naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” karya Yus Rusyana.
3. Bahan pangajaran nya éta matéri pangajaran anu kudu saluyu jeung kamampuh siswa pikeun ngaronjatkeun kamekaran jiwana. Ku kituna, pangajaran drama kudu diklasifikasikeun saluyu jeung kamampuh siswa. Salasahiji kritéria dina nangtukeun bahan pangajaran drama anu cocog pikeun pangajaran di sakola nya éta kudu miboga ajén atikan anu luhung. Dina ajén atikan biasana

ngawengku: 1) ajén kaimanan, 2) ajén kajujuran, 3) ajén kasabaran, 4) ajén kaihlasan, 5) ajén kapedulian, 6) ajén kabasajanan, 7) ajén kasatiaan, 8) ajén silih tulungan, 9) ajén kataatan, 10) ajén hurmat ka anu leuwih kolot.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa pasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2010, kc. 150). Sedengkeun instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Kartu data digunakeun pikeun nganalisis struktural-semiotik. Salasahiji pormat kartu datana saperti ieu di handap.

Tabél 3.1  
Tipe Latar

No.	Kode	Tipe Latar			Data	Interprétasi
		Sos	Géo	Wkt		

Contona: a) Kode 17/18/I

b) Kode a/18/I

Katerangan:

Sos : sosial

Géo : géografis

Wkt : waktu

17 : nomor urut paguneman

a : nomor urut *wawacang/side text*

18 : kaca

I : adegan

Tabél 3.2  
Gaya Basa

No.	Kode	Réferent	Tipe	Interprétasi

Contona: a) Kode 17/18/I

b) Kode a/18/I

Katerangan:

17 : nomor urut paguneman

a : nomor urut *wawacang/side text*

18 : kaca  
I : adegan

Format Tabél 3.3  
Kartu Data  
Interprétasi kana Ikon

No.	Kode	Tipe			Objék analisis	Interprétasi
		Img	Dmg	Mtf		

Contona: a) Kode 17/18/I  
b) Kode a/18/I

Katerangan:

Img : imagis  
Dmg : diagramatis  
Mtf : métaforis  
17 : nomor urut paguneman  
a : nomor urut *wawacang/side text*  
18 : kaca  
I : adegan

Format Tabél 3.4  
Kartu Data  
Interprétasi kana Indéks

No.	Kode	Objék Analisis	Tipe	Interprétasi

Contona: a) Kode 17/18/I  
b) Kode a/18/I

Katerangan:

17 : nomor urut paguneman  
a : nomor urut *wawacang/side text*  
18 : kaca  
I : adegan

Format Tabél 3.5  
Kartu Data  
Interprétasi kana Simbol

No	Kode	Objék Analisis	Interprétasi

Contona: a) Kode 17/18/I  
b) Kode a/18/II

Keterangan:

17 : nomor urut paguneman

18: kaca

I : adegan

a: nomor urut *wawacang/side text*

### **3.5 Téhnik Panalungtikan**

#### **3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Dina ieu panalungtikan téhnik ngumpulkeun datana ngagunakeun téhnik dokuméntasi ku cara macaan, nalaah, jeung neuleuman eusi sababaraha bahan bacaan, boh mangrupa buku, dokumén-dokumén, atawa sumber tinulis séjénna anu aya patalina jeung panalungtikan. Data anu digunakeun nya éta naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” karya Yus Rusyana.

#### **3.5.2 Téhnik Ngolah Data**

Dina ieu panalungtikan ngolah datana ngagunakeun téhnik analisis data, pikeun ngaguar struktur drama jeung ma’na anu nyangkaruk dina naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran” karya Yus Rusyana. Léngkah-léngkahna nya éta:

1. Maca Naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran”
2. Nganalisis struktur pangwangun drama dina naskah drama “Hutbah Munggaran di Pajajaran”
3. Nganalisis aspék semiotikna
4. Nyusun laporan panalungtikan, dina wangun tésis.

### **3.6 Pamarekan Panalungtikan**

Pamarekan nya éta salasihiji tatapakan anu digunakeun dina prakna ngaapresiasi hiji karya sastra (Aminudin, 2002, kc. 94). Dina panalungtikan sastra aya opat pamarekan anu diébréhkeun ku Abrams (dina Semi, 2013, kc. 43), nya éta pamarekan objéktip, mimétik, éksprésip, jeung pragmatik. Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan objéktip. Ieu pamarekan diwatesanan ku cara nelaah kana karya sastrana. Hal anu aya di saluareun karya sastrana, teu jadi bahan tinimbangan. Ku kituna, ieu pamarekan leuwih jero nalaah sastra tina unsur instrinsikna anu ngawangun hiji karya sastra.